

### Yon gid pou elèv yo, fanmi yo ak ajans edikasyon lokal yo

Kòm sipèntandan lekòl eta a, mwen vle asire m, chak elèv, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon, resevwa sipò yo bezwen nan men sistèm edikasyon nou an. Chak timoun merite aksè a yon bon jan edikasyon, e se responsablite nou pou defann dwa sa a.

Pou sa, li esansyèl pou nou bay konsèy klè sou fason pou pi byen sipòte elèv imigran nan lekòl nou yo, ki gen ladan sijè kle tankou dwa elèv yo, pwosesis enskripsyon lekòl yo ak fason pou reponn a demann otorite imigrasyon oswa lapolis. Nan kominikasyon sa a, mwen pral abòde pwoblèm enpòtan sa yo pou asire tout manm kominote lekòl nou yo enfòmè, prepare, epi yo kapab sipòte elèv imigran yo yon fason ki an sekirite, ki gen respè, epi ki respekte lalwa. Mèsi pou sipò ou kontinye bay nan kenbe tout elèv Maryland yo an sekirite.

#### DWA ELÈV YO

- Tout timoun gen dwa pou yo jwenn aksè nan yon edikasyon piblik gratis, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon timoun nan oswa paran/responsab legal yo.
- Malgre lekòl yo ka mande prèv rezidans nan distri a, enfòmasyon sou sitwayènte oswa sou sitiyaasyon imigrasyon pa janm obligatwa pou enskripsyon nan lekòl la.
- Lwa federal ak lwa etayo pwoteje dosye edikasyon ak enfòmasyon pèsònèl. Anjeneral, lwa sa yo egzije yon konsantman alekri nan men paran/responsab legal anvan yo divilge enfòmasyon sof si se pou rezon edikasyon, lalwa otorize sa, oswa an repons a yon lòd tribinal oswa sitasyon.
- Kèk lekòl kolekte epi mete piblik “enfòmasyon anyè” sou elèv yo, tankou non, adrès, adrès imel, ak nimewo telefòn. Si yo itilize pratik sa a, ajans edikasyon lokal la (LEA) dwe bay paran yo oswa responsab legal yo yon avi alekri sou politik enfòmasyon anyè li a epi ba yo opòtinite pou yo pa divilge enfòmasyon pitit yo. Avi a dwe enfòmè yon fason efikas paran ki gen lang natif natal oswa lang prensipal ki pa anglè.
- Elèv, paran ak responsab legal yo gen dwa pou rapòte yon krim rayisab oswa pote yon plent nan distri lekòl la oswa [Sipèntandan Eta a](#) kit yo te fè diskriminasyon kont yo oswa pitit yo akòz orijin nasyonal yo.

#### ENSKRIPSYON LEKÒL LA

- Lwa sou edikasyon leta pèmèt timoun ki gen laj senkan ak mwens pase 21 an ki pa gen yon diplòm lekòl segondè pou yo ale nan lekòl leta nan LEA kote yo abite san yo pa peye yon frè.
- Timoun ki pa gen papye, tankou timoun sitwayen ameriken/rezidan yo, elijib pou ale lekòl aplentan, depi yo ranpli kondisyon laj ak rezidans lwa eta a etabli.
- Kou Siprèm Etazini te deside nan Plyler v. Doe (1982), lekòl yo pa ka refize elèv yo yon edikasyon piblik gratis akòz estati yo san papye oswa ki pa sitwayen ameriken, oswa paran yo oswa responsab legal yo pa gen papye.
- Nan moman enskripsyon an, lekòl yo pa kapab poze kesyon ki gen rapò ak estati imigrasyon paran oswa elèv oswa mande yon nimewo Sekirite Sosyal.

- Malgre LEA yo dwe kolekte sèten done dapre lwa leta ak/oswa federal, yo dwe fè sa apre yon elèv enskri nan lekòl la pou yo pa bay enpresyon yo pral itilize enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon pou pran desizyon enskripsyon.

## DEMANN OTORITE IMIGRASYON OSWA LAPOLIS NAN YON LEKÒL

- Plizyè lwa enpoze otorite lokal yo obligasyon legal konsènan kesyone elèv yo nan lekòl la ak konfidansyalite dosye elèv yo, tankou [Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite \(FERPA\)](#) ak Règleman Kòd Maryland (COMAR) 13A.08.02.
- Ofisyèl lekòl lokal yo dwe kolabore ak otorite ki fè respekte lalwa ak otorite imigrasyon federal yo dapre règleman ak direktiv LEA yo epi an konsiltasyon avèk avoka yo.
- Lè yo resevwa yon demann nan men ofisyèl imigrasyon pou jwenn aksè nan dosye edikasyon elèv yo, otorite edikasyon lokal yo ta dwe imedyatman konsilte ak avoka yo pou asire konfòmite ak FERPA ak COMAR 13A.08.02 konsènan divilgasyon enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman (PII) nan dosye edikasyon yon elèv san konsantman paran an oswa elèv ki elijib la.
- Anvan yo reponn yon demann otorite federal imigrasyon yo oswa lapolis pou fè respekte lwa imigrasyon yo, anplwaye otorite edikasyon lokal yo ta dwe kontakte sipèntandan lokal la ak avoka lekòl yo imedyatman pou jwenn konsèy legal.
- Si ajan imigrasyon federal oswa ajan ki fè respekte lalwa antre nan yon bilding lekòl pou jwenn aksè ak elèv yo (pou entèvyou ak/oswa entèwogasyon), pèsònèl lekòl la ta dwe imedyatman kontakte sipèntandan lokal la pou konsèy. Pèsònèl lekòl la pa ta dwe nan fè diskisyon ak ofisyèl imigrasyon yo, men yo ta dwe refere yo bay sipèntandan lokal la oswa administratè deziyen an pou plis aksyon.
- Anplwaye otorite edikasyon lokal yo dwe avize paran oswa responsab legal elèv la imedyatman si yon ofisyè imigrasyon oswa ofisyè ki fè respekte lalwa mande oswa jwenn aksè a yon elèv pou nenpòt rezon ki gen rapò ak fè respekte lwa sou imigrasyon, sof si aksè sa a se dapre yon manda tribinal oswa sitasyon ki limite divilgasyon enfòmasyon an bay paran oswa responsab legal an.

## FÒMASYON POU ANPLWAYE LEKÒL YO

- Otorite edikasyon lokal yo ta dwe bay fòmasyon sou pwoblèm imigrasyon pou pwofesè yo, administratè lekòl yo ak anplwaye lekòl yo, tankou enfòmasyon sou fason pou reponn a yon demann yon ofisyè imigrasyon oswa lapolis k ap chèche fè respekte lwa imigrasyon nan yon lekòl oswa pou jwenn aksè a yon elèv oswa dosye yon elèv.

## RESOUS POU FANMI YO

- Paran/responsab legal yo kapab mete ajou enfòmasyon kontak ijans pitit yo nan lekòl la, sa gen ladan l kontak segondè, pou idantifye yon adilt ou fè konfyans ki kapab pran swen pitit yo si yo arete yo oswa yo mete yo deyò. Yo kapab idantifye tou yon "responsab legal rezèv" pou pran swen pitit yo si yo arete oswa depòte yo, lè yo ranpli fòm [sistèm tribinal Maryland sa a](#) epi bay lekòl yo, founisè swen sante yo ak manm fanmi yo yon kopi.
- Fanmi k ap eseye jwenn yon moun ki deja arete yo ka itilize [Lokatè Deteni Imigrasyon ak Ladwàn \(ICE\)](#).

- Asistans legal disponib nan yon varyete sous, tankou avoka imigrasyon nan pratik prive, reprezantan ki akredite (ki pa avoka ki ede moun ak pwosedi imigrasyon), ak òganizasyon èd legal:

[Bibliyotèk Lwa Pèp la nan Maryland](#)

[Rezo Defansè Imigrasyon](#)

- Plizyè òganizasyon imigrasyon te prepare konsèy konplè sou preparasyon ak repons pou aksyon ranfòsman imigrasyon:

[Plan Preparasyon Fanmi](#)

[Konnen Dwa w: Senaryo Dwa Imigran yo](#)

Rezo [Katolik Imigrasyon Legal Gid Repons Rapid](#)

[USAHello Gid Imigrasyon 2025](#)

- Fanmi yo ka vle tou pou yo [kontakte konsila oswa anbasad la](#) tpeyi orijin yo pou plis enfòmasyon.

Pou kesyon konsènan dwa elèv imigran yo oswa sou aplikasyon lwa imigrasyon nan lekòl yo, kontakte biwo konsèy jeneral sistèm lekòl lokal ou a.